



SIPÈVIZÈ ELEKSYON, KONTE MIAMI-DADE, FLORID

RÈGLEMAN POU SOUMÈT BILTEN VÒT POU VOTE PA LAPÒS

Pou fè swivi bilten vòt pou vote pa lapòs ou an, ale sou sit entènèt nou an www.miamidade.gov/elections/ab-status.asp.

Bilten vòt pou vote pa lapòs yo fèt pou soumèt konsa:

1. **AN PÈSÒN** – Yon votè ki resevwa pa lapòs yon bilten vòt pou vote pa lapòs gen dwa pote bilten vòt pa li remèt Depatman Eleksyon Miami-Dade nan **2700 NW 87th Avenue, Miami, FL 33172** oswa Biwo Sikisal Depatman Eleksyon an ki chita nan lobi bilding Stephen P. Clark Center, **111 NW 1st Street** pa pita ke 7:00 pm Jou Eleksyon an.
2. **PA LAPÒS** – Yon bilten vòt pou vote pa lapòs gen dwa soumèt pa Sèvis Lapòs Etazini tou.
3. **PA YON REPREZANTAN VOTÈ-A** - (*Limite a de bilten vòt pa eleksyon, se yon sèl ki dwe pou yon votè ki pa mari/madanm, papa/manman, pitit, granparan oswa frè/sè reprezantan an*). Reprezantan votè-a gen dwa remèt bilten vòt pou vote pa lapòs la nan Depatman Eleksyon Miami-Dade **2700 NW 87th Avenue, Miami, FL 33172** oswa Biwo Sikisal Depatman Eleksyon an ki chita nan lobi bilding Stephen P. Clark Center, **111 NW 1st Street**, jou anvan oswa menm jou eleksyon an si reprezantan votè sa a se yon manm fanmi pre li epi si reprezantan an pa yon manm fanmi pre li se nan jou eleksyon an sèlman pou li remèt li. Se pou reprezantan an vini ak yon kat didantite ak foto sou li plis yon deklarasyon alekri de votè an ak enfòmasyon sa yo sou li:
 - a. Non votè an ekri an lèt detaye
 - b. Nimewo telefòn vote-a lajounen
 - c. Dat nesans vote-a
 - d. Enfòmasyon nimewo kat enskripsyon (pa obligatwa)
 - e. Non moun kap remèt bilten vòt pou vote pa lapòs la
 - f. Si votè an se yon manm fanmi pre reprezantan an, rezon pouki votè an bezwen yon moun vini soumèt bilten vòt pou vote pa lapòs la pou li
 - g. Si vote-a pa yon manm fanmi pre reprezantan an, reprezantan an fèt pou li prezante yon deklarasyon siyen pa yon doktè sou papyè ak antèt biwo doktè an ki bay espikasyon ijans medikal pou votè an oswa fanmi votè an, epi ki di pouki votè an pa kapab vini vote nan biwo vòt la epitou pa kapab vini remèt bilten vòt pou vote pa lapòs la an pèsòn
 - h. Siyati votè an
4. **NAN BIWO VÒT YO** - Yon votè ki vle vote an pèsòn gen dwa remèt nan biwo vòt ki deziyen pou adrès lakay li-a yon bilten vòt pou vote pa lapòs ki gen dwa gen vòt make sou li oswa ki pa gen vòt make sou li. Bilten vòt li soumèt la va make “anile” pa asanble eleksyon an. Yon votè ki vle vote an pèsòn, men ki **pa** remèt bilten li-a nan biwo vòt la, ap gen dwa vote nan kondisyon sa yo sèlman:
 - a. Asanble eleksyon an konfime ke yo pa resevwa bilten vòt pou vote pa lapòs votè an e
 - b. Si asanble eleksyon an pa kapab detèmine si yo resevwa ou pa resevwa bilten vòt pou vote pa lapòs votè an, lap kapab vote yon bilten vòt pwovizwa.